

#### SS.7.C.1.4

Analize lide yo (dwa natirèl yo, wòl gouvènman an) ak plent ki tabli nan Deklarasyon Endepandans lan.

---

**SS.7.C.1.4 Klarifikasyon Nosyon Fondamantal 3:** Elèv yo ap analize relasyon ki genyen ant dwa natirèl ak wòl gouvènman an.

Youn nan wòl debaz yon gouvènman se pou l pwoteje **dwa natirèl** chak moun. Daprè **Deklarasyon Endepandans** lan, gouvènman pa bay moun dwa natirèl sa yo. Moun yo *fèt* ak dwa sa yo, e gouvènman an pwoteje dwa sa yo avèk **konsantman moun ki gouvène pali a**. Gouvènman an, lè sa a, jwenn pouvwa li nan men pèp la ke lap gouvène a. Lè gouvènman an vin **opresif** epi li pa pwoteje dwa pèp la, li vin tounen yon **tirani**. Si sa rive, pèp la gen dwa pou l "chanje oswa aboli" gouvènman an (chanje li oswa ranplase li ak yon lòt gouvènman).

**Deklarasyon Endepandans** - yon dokiman kite ekri nan lane 1776 ki gen baz pou gouvènman demokratik ak plent kolon yo

**dwa natirèl** - kwayans ke chak moun te fèt ak dwa fondamantal yo ke gouvènman an paka wete.

**konsantman moun ke yap gouvène a** - yon akò ki fèt pa pèp la pou yo etabli yon gouvènman e obeyi lwa li yo

**opresyon** - izaj otorite oswa pouvwa nan yon fason mekan oswa ki enjis

**tirani** - yon gouvènman ki abize pouvwa li